

**RELE LIY FWÒD LA NAN:
(718) 557-1399**

NYC

**Department of
Social Services**

Human Resources
Administration

Department of
Homeless Services



BRC-151 (HC)
Rev. 05/23

© Dwa otè 2023, Depatman Administrasyon Resous Imèn Vil New York,
Depatman Sèvis Sosyal. Pou w jwenn pèmasyon pou repwodui tout oswa yon
pati nan dokiman sa a, kontakte Administrasyon Resous Imèn vil New York la.

BIWO ANKÈT SOU FWOD

Fwod nan Èd piblik yo fè nou tout mal,
espesyalman moun ki vrèman bezwen èd yo.



NYC Human Resources
Administration
Department of
Social Services

FWOD NAN ÈD PIBLIK KA AFEKTE AVANTAJ OU YO

Fwod se lè ou fè eksprè ou bay manti, kache, oswa kenbe enfòmasyon pou jwenn avantaj sèvis sosyal.

Fwod fè moun ki bezwen èd yo mal, gaspiye dola taks ak fè piblik la kesyone sèvis tankou avantaj Èd Lajan Kach, Medicaid, ak Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè. Fwod ka lakòz rediksyon nan sibvansyon ou chak mwa ak nan tout pwogram yo.

POTE PLENT POU MOUN OU SISPÈK AP FÈ FWOD

Pa fè pati pwoblèm lan; fè pati solisyon an. Si ou konnen yon moun k ap abize sistèm nan kontakte BFI nan:

LIY DIRÈK FWOD BFI LA nan (718) 557-1399,

SOU ENTÈNÈT: www.nyc.gov/hra

OSWA EKRI NOU NAN:

BFI Complaint Unit

375 Pearl Street, 23rd Floor

New York, NY 10038

Ou pa oblije bannou non ou, epi tout enfòmasyon ou ban nou se konfidansyèl. Plis enfòmasyon ou ka bannou, plis chans ki genyen pou nou kanpe fwod la.

OU DWE METE NOU OKOURAN

Travay a tan plen oswa a tan pasyèl ofisyèl oswa anba tab	Avantaj Veteran
Chanjman Adrès	Avantaj Asirans pou Chomaj
Chanjman nan kantite moun ki nan fanmi ou oswa nan kay ou	Avantaj Sekirite Sosyal oswa pansyon
Peman sipò timoun	Asirans Vi
Konpansasyon travayè, peman pou andikap oswa Revni Sekirite Siplemanntè	Machin ou genyen
	Kont kouran/Epap
	Pwopriyete
	Lòt lajan ou resevwa

PA PRAN CHANS. YO KA ARETE OU

SI OU FÈ FWOD:

- Ou kapab ale nan prizon.
- Ou pral oblije peye tout lajan ou te resevwa paske ou te fè fwod.
- Ou ka sispann nan resevwa avantaj Èd Lajan Kach, Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè, ak Medicaid.

Ou dwe deklare nenpòt enfòmasyon ki ta ka chanje avantaj ou yo.

[Si ou pa ranpli aplikasyon an nèt ak onètman, ou ka ap komèt fwod nan èd lajan kach.](#)

Moun ki fè zak èd lajan kach yo ap fè moun ki vrèman bezwen èd yo mal. Nou vle asire avantaj èd lajan kach ede moun ki nan nesite.



KI BFI KWAPE FWOD

Biwo Ankèt Fwod la mennen ankèt sou plent pou fwod nan Èd Lajan Kach, Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè, ak Medicaid patisipan oswa lòt moun fè. Yo mennen ankèt sou plizyè milye ka chak ane.

BFI gen yon ekip anketè pwofesyonèl byen fòmè ki resevwa enfòmasyon nan men piblik la, plizyè ajans aplikasyon lalwa, ak lòt ajans Minisipal.

Ou dwe deklare nenpòt chanjman nan revni ou, aranjman jan w ap viv, adrès, pwopriyete oswa bezwen. Se responsablite w pou di Sant Travay ou a, Sant Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè oswa Biwo Medicaid la sa touswit.

**L AP BON POU OU DEKLARE REVNI OU FÈ
NAN TRAVAY AK/OSWA RESOUS!**